

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Jumlah pupujian anu bisa dikumpulkeun ti Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang nya éta 52 judul pupujian. Nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta 10 judul pupujian. Ari anu dianalisisna ngawengku wangun, eusi, jeung harti pupujian. Analisis wangun di antarana ngawengku jumlah pada, jumlah padalisan (jajaran), jeung jumlah engang. Harti pupujian anu dianalisis nyokot kana papasingan nurutkeun Richards dina Kartini, Spk. anu ngawengku (1) harti saujuratna (*sense*), (2) rasa (*feeling*), (3) nada (*tone*), jeung (4) itikad (*itention*).

Tina hasil analisis data, pupujian téh bisa dicindekkeun hal-hal saperti ieu di handap:

1. Wangun

Wangun pupujian anu kapanggih ti Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang kalolobaanana nya éta wangun kantétan opat, iwal dina judul pupujian “Riwayat Nabi Muhammad saw” mangrupa wangun sa’ir. Jumlah pada pangsaeutikna diwangun ku 2 pada jeung panglobana nya éta diwangun ku 52 pada. Jumlah padalisan (jajaran) pupujian rata-rata diwangun ku 4 padalisan. Sedengkeun jumlah engang ieu ogé dina pupujian kaayaanana teu angger, dina harti robah-robah. Engang anu kapanggih jumlahna ti mimiti 8 engang nepi ka 13 engang.

2. Eusi

Eusi nu nyangkaruk dina pupujian nu kapanggih ti Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang, di antarana ngawengku:

- a. Muji kana kaagungan Allah SWT,
- b. Mangrupa do'a sangkan dibéré kasenangan hirup di dunya jeunh engké jaga di ahérat, dibéré élmu nu mangpaat, dijadikeun jalma anu takwa, jeung dihampura tina sagala dosa,
- c. Mépélingan ka umat sangkan bener-bener dina ngajalankeun ibadah jeung amal soléh sarta ngajauhan kana hal kamasiatan, ulah rék kamalinaan atawa kajongjonan ku hal kadunyaan,
- d. Mangrupa pangajaran, di antarana nétélakeun (ngajarkeun) sarat tobat anu lima perkara, opat perkara tatacara ngaos (ngaji), jeung ciri-ciri istri soléhah.

3. Harti

Nu nyangkaruk dina harti saujratna (*sense*) nya éta ngadéskripsikeun kahirupan Nabi Muhammad saw, bagbagan kaagamaan, déskripsi ngeunaan sakaratul maot, do'a, déskripsi ngeunaan ahérat jeung balukarna jalma nu sok nyieun kagoréngan, piwuruk, jeung ancaman.

Rasa (*feeling*) nu nyangkaruk dina pupujian ti Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang di antarana mibanda rasa rus-ras, waas, was-was, sieun, rasa karunya atawa watir, segema, rasa kacinta, keueung, jeung mibanda rasa mikanyaah atawa silih élingan.

Dina unsur nada (*tone*), aya anu sifatna nyarita, méré pépéling, ngala'nat atawa nada ancaman, nada ngajéntrékeun, nada ngado'a, jeung nada pangajak. Sedengkeun ngeunaan itikad (*itention*) bisa dicindekkeun yén para pangarang puisi pupujian Sunda leuwih condong kana méré pangrojong tibatan narik kadali tur méré pangaweruh nu ajénna leuwih luhur tibatan ngungkabkeun pangrasana, samodél méré pangrojong sangkan ningkatkeun kana kaimanan jeung katakwaan urang ka Gusti Allah SWT, méré conto atawa sikep dina nyorang kahirupan, pangjurung laku kana kahadéan, jeung dorongan sangkan ngalakukeun tobat atawa ménta ampunan jeung rahmat ka Gusti Allah SWT saméméh ajalna dicabut ku Malaikat Jibril.

5.2. Saran

Nilik kana kacindekan, kahayang mah panalungtikan ngeunaan pupujian di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang téh dijadikeun panaratas pikeun panalungtikan nu satuluyna. Salah sahiji contona, hasil ieu panalungtikan aya anu nalungtik deui anu dipatalikeun jeung kabahasaan. Saran-saran lianna nya éta saperti ieu di handap:

1. Sanggeus nalungtik ieu pupujian dipiharep aya mangpaatna jeung bisa dijadikeun eunteung dina ngalakonan kahirupan sapopoé, nya éta bisa méré gambaran jeung kasadaran ka sakumna jalma atawa nu maca pikeun migawé kahadéan jeung ngajauhan hal-hal anu teu dipiharep ku Gusti Allah SWT. Salian ti éta, ku ayana parobahan jaman pupujian anu sifatna tradisional téh geus langka digunakeun ku masarakat, anu ahirna kurang

dipikawanoh ku kaom nonoman ayeuna. Ku kituna, dipiharep bisa numuwuhkeun kanyaah, tanggung jawab sarta karep pikeun ngamumulé tur miara pupujian atawa budaya sorangan sangkan teu leungit jeung teu kalindih ku budaya séjénna.

2. Pupujian téh bisa dimumulé tur dimekarkeun, ku kituna perlu aya usaha pikeun ngainventarisasikeun rupa-rupa pupujian sangkan dibukukeun.
3. Sanajan ieu panalungtikan henteu dipatalikeun jeung bahan pangajaran, tapi dipiharep bisa dijadikeun bahan pikeun ngajarkeun pupujian di sakola boh di SLTP boh di SLTA, utamana keur daérah Sumedang sangkan murid apal kana budayana sorangan.

